



Pou Piblikasyon Imedya: 16/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI REPRESIF KONT CHOFÈ K AP KONDWI NAN KAPASITE AFEBLI YO PANDAN WIKENN FÈT SEN PATRIK LA**

*Lapolis Eta, DMV, Otorite Bwason Alkòl Eta a ap Mete Ansanm avèk Fòs Lapolis Lokal yo pou yo Ranfòse Aplikasyon Lwa yo epi Kenbe Nouyòkè yo an Sekirite*

*Nouvo PSA la Raple Nouyòkè yo pou yo Kondwi nan yon fason Responsab pandan Jounen Fèt Sen Patrik la Disponib [Isit la](#)*

*[Aplikasyon mobil](#) gratis “Have a Plan” (Gen yon Plan) Ede Nouyòkè yo Jwenn Sèvis Taksi, Deziyen yon Chofè epi Fè Rapò sou Chofè k ap Kondwi nan Kapasite Afebli yo*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Lapolis Eta New York la, Otorite Bwason Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA), Depatman Veyikil Motorize a (Department of Motor Vehicles, DMV), ak fòs lapolis lokal yo te lanse yon kanpay pou aplikasyon lwa yo pou yo pran mezi represif kont chofè k ap kondwi nan kapasite afebli yo pandan Jounen Fèt Sen Patrik la. Kanpay la gen ladan yon kantite pwèn kontwòl sobriyete, patwouy kont Kondwi nan kapasite afebli (DWI) adisyonèl ak yon detachman ki pral pran mezi represif kont konsomasyon alkòl minè yo ak kont moun k ap vann alkòl bay minè yo.

“Lapolis Eta a ak fòs lapolis lokal yo deyò anplèn fòs pou yo kanpe moun k ap kondwi nan fason iresponsab ak danjre yo epi pwoteje Nouyòkè yo pandan Jounen Fèt Sen Patrik sa”, **Gouvènè Cuomo te di**. “Kanpay global sa a pral ogmante efò aplikasyon lwa yo atravè tout eta a, pou responsabilize chofè k ap kondwi nan kapasite afebli yo epi pran mezi represif kont konsomasyon alkòl minè pou yo kenbe wout nou yo an sekirite epi evite trajedi ki evitab yo rive.”

Anplis de kanpay aplikasyon lwa a, Lapolis Eta a pral egalman bay chofè distrè yo k ap itilize yon aparèy elektwonik pòtatif yo kontravansyon. Envestigatè Depatman Veyikil Motorize Eta yo pral mennen operasyon kont konsomasyon alkòl minè ak prevansyon fo idantifikasyon an kowoperasyon ak Otorite Bwason Alkòl Eta a. Envestigatè SLA yo pral konsantre yo sou vant bay kliyan ki nan kapasite afebli yo, enstalasyon ak lisansye ki pa mache sou lòd yo ki pèmèt kliyan ilegal yo achte alkòl a anpòte.

Pandan efò aplikasyon lwa wikenn Jounen Fèt Sen Patrik 2016 la, Twoupè yo te fè 257 arestasyon pou DWI epi yo te bay plis pase 17,000 kontravasyon. Anplis de sa a, fòs lapolis lokal yo ki gen ladan 39 konte ak 140 ajans te patisipe nan pwogram mezi represif pandan Jounen Fèt Sen Patrik 2016 la, ki te lakoz 128 arestasyon ki gen rapò ak dwòg DWI/DWAI (Kondi nan yon Kapasite Afebli), 14 arestasyon ki gen rapò ak dwòg (DWAI-Drug) sèlman, 143 lòt arestasyon ak 1,802 sitasyon pou veyikil ak kontravasyon sikilasyon.

Komite Gouvènè a pou Sekirite Trafik la (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) te finanse mezi aplikasyon lwa sou sikilasyon an yo, yo te lanse yon anons sèvis piblik (Public Service Announcement, PSA) resaman sou estasyon televizyon atravè tout eta a yo pou ankouraje Nouyòkè yo pou yo kondwi nan yon fason responsab pandan Jounen Fèt Sen Patrik la PSA a nan tout 27 arè Thruway yo ak sou 25 ekran nan biwo DMV eta jere yo. Ou ka wè PSA la [isit la](#).

Anplis de sa a, Fondasyon STOP-DWI Eta New York la (New York State STOP-DWI Foundation) ak [Aplikasyon mobil](#) “Gen yon Plan” (“Have a Plan”) GTSC a ap pèmèt Nouyòkè yo lokalize ak rele yon sèvis taksi epi pwograme yon lis chofè yo deziyen. Aplikasyon an, ki disponib sou smartphone Apple, Droid ak Windows yo, ap founi enfòmasyon sou lwa ak sanksyon DWI yo epi founi yon fason pou yo fè rapò sou chofè yo sispèk ap kondwi nan kapasite afebli yo.

**Komisè Lapolis Eta New York la, George P. Beach II te di,** “Lapolis Eta a ak fòs lapolis lokal yo pral rete vijilan nan patwouy y ap fè toupatou nan eta a pandan Jounen Fèt Sen Patrik sa a. Si ou bwè alkòl epi w al kondwi pral gen konsekans sevè. Pa gen anyen mal nan selebrasyon depi w selebre nan yon fason responsab. Si ou pral bwè alkòl pandan Jounen Fèt Sen Patrik la, fè yon plan epi deziyen yon chofè ki pap bwè. Lè w planifye alavans, ou ka prevni yon trajedi ki pa fè sans epi ede nou kenbe wout New York yo pami kèk wout ki pi sekirize nan peyi a.”

**Komsè Egzekitif Adjwen DMV a ak Prezidan Pwovizwa GTSC a, Terri Egan te di,** “Jounen Fèt Sen Patrik la se yon tradisyon mwa mas anpil milyon moun selebre chak ane. An 2017, nou ap mete mesaj sansibilizasyon nou an ak mezi aplikasyon nou yo nan yon lòt dimansyon. Nouvo PSA nou an, ki televize toupatou atravè New York la, ankouraje konpòtman kondwi ki responsab, pandan fonksyonè eta ak lokal yo pral deyò ak tout fòs pandan semèn Fèt Sen Patrik la k ap vini a, kote yo pral tcheke pou fo indantifikasyon epi proteje otomobilis yo kont danje. Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo gen yon plan vwayaj solid an plas pandan Jounen Fèt Sen Patrik sa a.”

**Prezidan SLA a, Vincent Bradley te di,** “Piske konsomasyon alkòl minè yo souvan antrene konpòtman ki gen konsekans trajik, anpeche jèn Nouyòkè jwenn alkòl se premye priyorite pou Otorite Bwason Alkòl Eta a. Nou pran angajman pou nou fè patenarya ak Lapolis Eta a ak DMV pou nou ede Asire bòn selebrasyon Jounen Fèt Sen Patrik yo san danje.”

Jounen Fèt Sen Patrik la se youn nan jou ferye ki pi mòtèl akòz de valè chofè k ap kondwi sou yo. Daprè Administrasyon Nasyonal Sekirite Trafik Otowout la (National Highway Traffic Safety Administration, NHTSA), pandan peryòd Fèt Jounen Sen Patrik la soti 2010 rive 2014, te gen 266 moun otòtal ki te mouri akòz aksidan chofè k ap kondwi sou yo. An 2014, 29 moun – otòtal 28 pousan nan tout aksidan mòtèl yo – te mouri nan aksidan kote chofè yo t ap kondwi sou pandan peryòd Fèt Sen Patrik la. Moun k ap kondwi sou yo touye plis pase 10,000 moun chak ane nan peyi nou an. Yon moun chak 53 minit mouri akòz yon aksidan ki gen rapò ak alkòl epi chak grenn lanmò sa yo te ka evite. Chwazi pou kondwi sou enfliyans alkòl ka mete fen nan lavi w oswa yon lòt moun. Jounen Fèt Sen Patrik sa a, chofè kap kondwi sou yo ap fè fas a prizon, revokasyon lisans yo, to asirans ki pi elve, ak anpil douzèn lòt depans ankò. Yon penalite pou kondwi sou enfliyans alkòl gen ladan yon amann de \$10,000.

Lapolis Eta New York la, GTSC ak NHTSA te rekòmande etap fasil swivan sa yo pou tout moun pwofite jwi yon konje san danje, san yo pa mete lavi okenn moun an danje sou wout la yo:

- Anvan festivite yo kòmanse, planifye yon fason ansekirite pou rantre lakay ou nan fen swa re a.
- Anvan ou kòmanse bwè, chwazi yon chofè ki gen tèt klè epi kite kle machin ou lakay li.
- Si ou nan yon kapasite afebli, itilize yon taksi oswa sèvis woulib pataje la, rele yon zanmi oswa manm fanmi ki pa sou enfliyans, oswa itilize transpò piblik poutèt pou w ka sèten w ap rantre lakay ou san danje.
- Si disponib, itilize pwogram kondwi avèk tèt klè kominote a
- Mache sou enfliyans kapab osi danjere ke kondwi sou enfliyans. Deziyen yon zanmi ki pa sou pou mennen w lakay ou.
- Si ou remake yon chofè ki sou enfliyans sou wout la, rele depatman lapolis lokal la. Ou kapab sove yon vi.

###